



## Fich Enfòmasyon #3


### Pwosesis Konvèsyon RAD la

Yon konvèsyon tipik RAD pran ant youn a twa ane epi li gen ladan plizyè etap HUD a egziste. Prensipal etap yo diskite nan Fich Enfòmasyon sa a.



### Kisa Etap konvèsyon RAD yo ye?

Pwosesis konvèsyon RAD la vle di tout etap pou yon pwopriyete ki aktyèlman sipòte nan kad pwogram lojman publik la pou pase nan asistans “ki baze sou pwojè” nan kad pwogram Seksyon 8 la. Li gen ladan pwosesis planifikasyon, finansman, ak fè reparasyon ak renovasyon pou asire bilding lan nan bon kondisyon fizik. Dire total pwosesis konvèsyon RAD la varye anpil ant pwopriyete yo. Jeneralman, pwo-priyete ki bezwen mwens renovasyon yo epi ki pa bezwen rekolizasyon rezidan yo pral pase nan pwosesis ki pi rapid la.



### 1. Aplikasyon RAD & Angajman Rezidan

Lè yon PHA deside li enterese nan itilize RAD pou ede prezève yon pwopriyete, youn nan premye bagay li bezwen fè se bay rezidan yo lide.

**Anvan li soumèt yon aplikasyon RAD bay HUD, PHA avize rezidan yo epi apre sa li òganize omwen de reyinyon rezidan.** Avi a ki rele yo **“Avi Enfòmasyon RAD”** bay enfòmasyon sou

- Dwa rezidan yo,
- Enfòmasyon debaz sou RAD, ak

## Fiche d'information n° 3 : Le processus de conversion RAD

- Enfòmasyon sou plan konvèsyon RAD PHA yo, san blye tout chanjman ki pwopze pou kantite oswa gwosè inite yo ak si PHA prevwa fè patenarya avèk yon lòt fim lojman ki abòdab.

Epitou, rezidan yo kapab resevwa yon “**Avi Enfòmasyon Jeneral**” ki fè w konnen ou ta elijib pou asistans demenajman si asistans rekolizasyon tanporè a vin nesesè. Nan etap sa a PHA pral gen chans pou gen ti detay konsènan demenajman men li pral gen chans pou gen ti detay konsènan demenajman an men l ap kapab bay plis detay pi devan nan pwoesis la.

Nan reyinyon rezidan yo, PHA pral diskite sou plan konvèsyon ki pwopoze yo epi mande kòmantè. Paske PHA angaje avèk rezidan yo trè bonè nan pwoesis planifikasyon an, PHA pral gen chans pou genyen sèlman plan ak objektif jeneral yo paske konvèsyon RAD ak detay yo ka chanje. Se yon gwo opòtinite pou poze kesyon, ede fasone objektif yo, epi aprann kijan ou ka rete enfòme ak angaje nan pwoesis la.

Se sèlman apre yon PHA fin òganize reyinyon sa yo ak konsilte Konsèy Administrasyon li ke PHA kapab soumèt yon aplikasyon RADRAD. Sa se premye soumisyon PHA fè bay HUD epi kòmanse pwoesis RAD la. PHA dwe reponn tout kòmantè oswa kesyon rezidan yo nan kad aplikasyon an. PHA dwe tou mete enfòmasyon sou efò li pou rann reyinyon yo aksesib pou rezidan yo ki gen ladan pran an konsidérasyon orè rezidan yo , epi pran mezi adaptasyon pou rezidan andikape e ki gen yon Metriz Limite de Anglè a.



*Pou plis enfòmasyon sou angajman rezidan atravè pwoesis RAD la,  
gade [Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman ak Konsiltasyon Rezidan](#).*



## 2. Angajman pou Antre nan yon Kontra Peman Asistans pou Lojman (CHAP)

HUD revize aplikasyon PHA a, san blye kòmantè rezidan yo, epi bay apwobasyon inisyal nan emèt yon “angajman pou antre nan yon kontra Peman Asistans Lojman” (yon “CHAP”). Yon fwa yon PHA resevwa yon CHAP, li kòmanse konsantre l sou detay plan li yo. PHA a pral:

- jwenn rapò sou bezwen reparasyon pwopriyete a ak kondisyon anviwònmantal yo,
- devlope yon estrateji pou jwenn finansman pou reparasyon
- idantifye patnè lojman ki abòdab, si nesesè,
- devlope yon plan demenajman si nesesè

**Apre li resevwa CHAP la, PHA a dwe gen omwen de lòt randevou avèk rezidan yo nan pwopriyete a anvan li mande yon “Apèl Konsèp” avèk HUD.** Reyinyon yo dwe bay yon mizajou sou plan konvèsyon yo epi mande yon fidbak sou amelyorasyon, jesyon ak sèvis ki pwopoze yo. De reyinyon sa yo dwe espase pou bay mizajou siyifikatif epi solisite fidbak enpòtan nan chak reyinyon. Pandan peryòd sa a, HUD ankouraje PHA a òganize reyinyon chak trimès avèk rezidan yo. De reyinyon sayo bay rezidan yo opòtinite pou poze kesyon, fè kòmantè, ak kolabore avèk PHA a PHA epipatrè li yo.



### 3. Apèl Konsèp

Ofiamezi y ap finalize plas espesifik yo, PHA a pra l gen yon apèl konseptyèl avèk HUD pou diskite sou plan li pwopoze yo epi montre li sou wout pou soumèt yon plan finansman bay HUD. Si PHA sanble li prepare, alò HUD pral envite l pou soumèt yon Plan Finansman. Anvan l soumèt yon plan finansman, PHA a dwe asire l ke plan RAD enkli nan yon Plan Senk Ane ki apwouye, yon Plan Anyèl, yon Plan MTW oswa Amandman Siyifikatif. Pou plis enfòmasyon, gade Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman ak Konsilasyon Rezidan.



### 4. Plan Finansman

Pou yon pwppriyete konvèti, PHA dwe montre li gen yon pal klè ki satisfè egzijans HUD yo.  
Plan finansman an gen enfòmasyon sa yo:

- Tip Konvèsyon: Koupon ki baze sou pwojè (PBV) oswa Asistans Lokasyon ki Baze sou Pwojè (PBRA)
- Evalyasyon Bezwèn an Kapital (CNA)
- Plan pou reyabilitasyon oswa nouvo konstriksyon
- Revizyon Anviwònmantal
- Kòmantè rezidan yo ak Repons PHA
- Dokiman lojman ekitab ak rekolizasyon
- Bidjè developman
- Ekip developman
- Depans fonksyònman ak antretyen
- Yon lèt HUD ki apwouye Plan Senk Ane a, Plan Anyèl la,  
Plan MTW oswa Amandman Siyifikatif ki enkli konvèsyon planifye RAD a (yo).



*Pou enfòmasyon sou PBV ak PBRA, gade Fich Enfòmasyon #4 la: Diferans ant Koupon ki Baze sou Pwojè ak Asistans Lokasyon ki Baze sou Pwojè.*



### 5. Apwobasyon HUD: Angajman KonvèsyonRAD

Apre HUD revize ak apwouye Plan Finansman an , li pral emèt yon angajman Konvèsyon RAD (RCC) bayPHA. Resewwa angajman sa a vledi HUD apwouye plan RAD PHA a epi pwopriyete a ka prepare pou konplete pwosesis konvèsyon an. Konvèsyon RAD ofisyèl la ("fèmti") rive abityèlmnan 30-90 jou apre pwen sa a.

**Nan etap sa a, PHA dwe avize chak fwaye ke yo apwouye konvèsyon RAD la pou fèmti epi raple fwaye a reyabilitasyon espesifik la oswa plan konstriksyon an.** Yo dwe enfòme rezidan yo konsènan:

- tayming konvèsyon an
- dire yo espere pou travay la(si genyen)
- revisyon lwaye ak règ kay la

## Fiche d'information n° 3 : Le processus de conversion RAD

- demenajman yo espere ak lè yo espere l ap kòmanse
- ak opòtinite pou pwofite de opsyon “mobilite chwa”.

Yo dwe bay notifikasyon sa a alekri epi apresa nan yon reyinyon.

Si gen chanjman sibstansyèl nan plan konvèsyon an, reyinyon rezidan yo obligatwa si youn nan reyinyon obligatwa yo pa fèt nan twa mwa apre chanjman an.

Si travay k ap fèt nan pwopriyete a mande pou rezidan yo kite apatman yo a pou yon ti tan, PHA ka kòmanse demenaje rezidan yo pou yon ti tan an previzyon travay ki pral fèl la, selon plan demenajman an. Yo dwe bay rezidan yo preavi sou demenajman an:

- omwen 30 jou preavi pou rezidan ki pral demenaje pandan 12 mwa oswa mwens
- omwen 90 jou preavi pou rezidan ki pral demenaje pandan plis pase 12 mwa



*Pou plis enfòmasyon sou demenajman, gade [Fich Enfòmasyon #9 la: RAD ak Demenajman](#).*



## 6. Fèmti RAD

Nan fèmti a, pwopriyete a pase de lojman publik a Seksyon 8 avèk swa yon kontra PBV oswa PBRA. Yon dokiman jiridik ki rele yon Akò Itilizasyon RAD e ki tache nan pwopriyete a mande pwopriyetè a itilize pwopriyete a kòm lojman abòdab. PHA ak patnè li yo fèmen nenpòt nouvo finansman epi pwopriyete a kapab nan kèk ka chanje pwopriyetè.

**Ofiamezi fèmti a ap apwoche, yo pral mande rezidan ki pa nan demenajman yo siyen yon nouvo mikontra Iwaye avèk sèten atach especidik RAD (“adendòm”) ke HUD mande pou respekte dwa chak rezidan.** Byenke rezidan yo pa ka fè objè yon nouvo verifikasiyon elijiblite pou asistans lojman Seksyon 8 la, nan sèten ka yo ka mande rezidan yo bay dokiman pou sètifye revni yo pou lòt pwogram sibvansyon ki ap itilize pou repare pwopriyete a, pa egzanp, pwogram Kredi Enpo Lojman Revni Ba (LIHTC).

Rezidan yo pral vin patisipan nan pwogram Seksyon 8 la swa nan fèmti a, si yo p ap demenaje, oswa lè yo retounen nan pwopriyete a epi siyen nouvo kontra Iwaye a. **Rezidan yo pa ka pèdi asistans pou lokasyon an oswa envelopontèman deplase akoz konvèsyon RAD la.**



*Pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #4 la: Diferans ant Koupon ki Baze sou Pwojè ak Asistans Lokasyon ki Baze sou Pwojè](#) ak [Fich Enfòmasyon #13 la: RAD ak Kredi Enpo pou Lojman Revni Ba](#).*



### 7. Konstriksyon oswa Reparasyon

**Tout kontraksyon oswa reparasyon pral fèt apre konvèsyon an.** Sepandan, PHA ta dwe konnen anvan konvèsyon an konbyen tan reparasyon an pral pran, si demenajman an pral nesesè, ak lòt detay konstriksyon an. Si gen rezidan ki bezwen demenaje pou yon ti tan akoz konstriksyon an oswa repara-syon yo , ou pral gendwa pou retounen nan pwopriyete a yon fwa konstriksyon anacheve.



### Aksesibilite

Pandan tout pwosesis RAD la, PHA dwe ankouraje patisipasyon nan reyinyon yo nan travay pou asire ke dat reyinyonyo, lè, ak kote yo bon pou orè varye rezidan yo e ke yo fè efò pou simonte obstak pou patisipasyon an. Pa egzanp, si yon reyinyon fèt pandan yon lè repa tradisyonèl, PHA ka vle bay rafrechisman.

PHA dwe asire ke reyinyon yo, avi ekri yo ak materyèl aksesib pou moun ki genandikap yo. Sa gen ladan bay materyèl ekri nan fòma ki aksesib ansanm ak entèprèt lang siy ak aparèy èd pou tande nan reyinyon yo si sa nesesè.

PHA dwe bay asistans lengwistik tankou tradiksyon avi yo, ak entèpretasyon oral reyinyon yo pou Rezidan ki gen Konesans Limite nan Anglè.

Pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman Rezidan](#).



**Lyman Terrace, Holyoke, MA:** Lyman te konstiwi an 1939 epi se youn nan pwojè lojman piblik ki pi ansyen nan peyi a.  
Li kouvi twa blòk vil epi li gen 160 lojman abòdab.